

10 kòmandman pou lapè nan fanmiy nan

1

Kwè nan bondye epi viv pawòl bondye a, **renmen pwochen w tankou ou menm.**

2

Renmen tèt ou, fè tèt ou konfyans, fè fanmiy w konfyans, kolabore pou gen yon anbyans renmen ak lapè nan mitan nou.

3

Pran tan pou w jwe, pran plezi ak fanmiy ou paske **timoun nan aprann pandan l ap jwe**, rekreyasyon an fè moun yo vinpi pre yonn lòt.

4

Edike pitit ou **nan diyalog, nan karès pandan ou ap ba l tout sipo nesèsè epi fè atansyon**: Moun ki bat moun lè ou ap ansegne l ou aprann moun sa a pou l bat moun.

5

Patisipe ak fanmiy ou nan lavi kominote a, pandan ou ap evite move konpagni ak rekreyasyon ki pouse moun fè vyolans.

6

Chèche resoud pwoblèm yo nan trankilite, epi aprann ak sitiyaasyon difisil yo, **chèche wè sa ki bon ladan yo.**

7

Di sa ou santi nan laverite, di sa w panse, epi koute sa lòt yo gen pou yo di.

8

Rèspèkte tout moun ki pa panse menm jan avè w, **paske diferans lan se yon vrè richès** pou chak moun epi pou tout gwoup la.

9

Bay bon ezanp, paske pi bon pawol la se fason ou ye a.

10

Mande padon lè ou fè yon moun lapenn, padonnen ak tout kè w lè ou santi yo fè w lapenn **paske padon an se pi gwo jès renmen** nou kapab montre.



Pou lapè kòmanse andedan fanmiy nan



CEH-AYITI